

BAB I

BUBUKA

1.1 KasangTukangMasalah

Dina hirup kumbuhna, manusa téh mangrupa objék inti peradaban jeung kabudayaan. Peradaban jeung kabudayaan téh bias aya kusabab manusa mibanda akal jeung pikiran. Akal jeung pikiran diunggal manusa anu nyababkeun sipat kabudayaan dinamis jeung mangaruhan tumuwuhna budaya di masarakat. Salian ti éta, pungsi manusa téh salaku mahluk sosial, aya dinamika papada jalma dina interaksi sosialna anu bisa ngalahirkeun ide kreatif budaya.

Pungsi budaya dina kagiatan interaksi sosial masarakat, tangtuna ogé miboga peranan nu kalintang pentingna, sabab budaya téh mangrupa potensi alat kontrol papada jalma, kukituna dina interaksi social masarakat aya potensi pikeun ngalakukeun hal-hal anu luyu jeung norma masarakat. Pikeun ngabénténgan potensi negatip dina interaksi sosial masarakat, perlu system tradisi budaya anu bisa ngabénténgan hal-hal nu méngprang tina kaédah norma agama jeung moral.

Dina kahirupan masarakat Sunda, aya aturan lisan anu geus nyampak jeung ngawujud dina budaya lokal, salasahijinanyaétanganistilahpanyaramanatawakapamalian. Istilah-istilahpanyaramantéhmiboga niléy moralitasanubisa di paluruhkucaraditalungtik.

Istilahpanyaramanmangrupahasil nu diciptakeunkukaruhunurangSunda. Réngkakjeungparipolahnatéhéstuningtaraptijeungati-atilebahnerapkeunajaranatawaatikankabudakna, tarakucaratogmol, tapisokdibalibirkeunkurupaningdongéngpieunteungeun, mitos, dongéngdedemit, atawakucaranyieunaturan-aturanpanyaraman nu disebutpamali.

Panyaramanatawapantrangantéh miboga ajénanusifatnanyamuni. Panyaramandinapamalimibogasifatnukuanu geusdipercayakusabagianmasarakatSunda, saliantiétapanyaramanmangrupame dia atikannu pungsina ngajagahal-halusifatnateuluyudinakahirupanbermasyarakat. Dina aturannormakahirupanmasarakatpastiayapatalina jeungatikansangkanngajalank eunkahirupan nu bener. Numutkeun Danadibrata (2006, kc. 39) atikannyaétapangajaran kana jalankahadéan, mere, malajarkeun, ngawarah, ngabingbing.

Dina kahirupanmasarakatSundaharita, ayawangunatikanmangrupatradisilisanu disebutpanyaraman. Dina Sudaryat (2016, kc. 205), yén istilah *panyaramantéh* kecapdasarnatinacaramanumibogahartilarang, cegah. Saliantiéta, Satjadibratadina Sudaryat (2016, kc. 205) nétélakeunpanyaramanayapakaitjeungistilahpamaliatawapantrangan, nyaétatindakananunurutkeuntradisiteumeunangdilakukeunsabablamundilakuk eunbakal cilaka.

Istilahpanyaramdukeuthartijeungistilah *pamaliatawatabu*, upamanawaépolapanyaramandinapamalimangrupasagalahalayamataknanurutk eunkapercayaaankaruhun, sapertiulahlangiran, pamali, matak ditinggalkeun maotkuindung; ulah sok diukdinalawangpanto, pamali, matak nongtotjodo. Nurutkeun RADanadibrata (2006, kc. 489) nétélakeun, nu disebutpamalitéhnyaéta, larangansepuhuranganumaksudnateumeunangngalakukeun hijipagawéanlantar ansokayamatakna, upamalalakiteumeunangnyekelasiwung, pamali, matak peluh; ulahngomébéas, pamali, bisidijualkaoa; nu keurreuneuhteumeunangngadaharintip, pamali, bisibalioroknakaluarnahésé; nu keurreuneuhteumeunangngadahartutut, pamalibisitunduh pas rék galahirkeun, jeungsajabana.

Istilah-
istilahpanyaramandinakapamalianatawatabutéh sarupaningpantrangan-

pantrangananu kudu di jauh, anuteumeunangdipilampah, sabablamundirempakbakalnimbulkeunmamala. Contokasusna, munbudakrékmilampahhijipagawéananuteusaluyujeungaturankolotbaheula, kolotbaheulacukupnyebut “Teumeunang, pamali, bisimatakanu....” kukituna, budaksoktaralobatanyadeui, éstuningnurutwé, da maksudnakalawanlantiptursurtisababkukolotnageusdibéjaan. Eusinasiga nu nyingsieunan, padahaldisatukangeunétapanyaramantéhayamaksudanunyamunianu kudu disurahanjeung kudu dipikirandeui. Tahbakalkahartijeungkabuktirasiahétasilib, sindiratawasilokadinaétapanyaramankhususnnadinapungsiétnopedagogik.

Istilahpanyaraman lain ngansaukuristilahanuasaldiucapkeun, tapidinapanyaramanayapungsi mediaatikannaliwatanproduktradisilisankunoanungandungatikan, khususnadinapungsiétnopedagogik.

Dinaistilahpanyaraman, pungsiatikannangaliwatanhartisacaramultitafsir, kusababkanggongarojongieupanalungtikandigunakeuntilkansemiotikpikeunm aluruhtandaanuayadinaistilahpanyaraman.

Panalungtikanngeunaanajénatikanistilahpamalian/*tabuté*heusaya nu ngalaksanakeun, diantarana waé:

- 1) DianiPermasih, anujudulna “AjénAtikandinaFoklorAspékKapamaliananuaya di DésaTanjung Wangi KacamatanCicaléngkaKabupatén Bandung” S1 Skripsi JPBD UniversitasPendidikan Indonesia 2014,
- 2) Nurfaizah, anujudulna “*PemaknaanPamalidalamMasyarakatSunda di DesaCibingbin, KecamatanCibingbin, KabupatenKuningan (KajianDeskriptif SemantikdanSemiotik)*” S2 Tesis Prodi Lingusitik SPS UniversitasPendidikan Indonesia 2015,
- 3) AanSuwandi, anujudulna “*PanyaramandalamMasyarakatSunda*” PPS S2 TesisUniversitasSuryakencanaCianjur 2014.

Tina sababaraha judul panalungtikan-panalungtikana saméméhna, kajian ngeunaan pamali jeung panyaraman can aya nu meséknepi kajeronjeunan ajén moralitas étnopédagogikna. Ku kituna, pikeun ngalengkepan referensi khasanah Sunda, perludi aya keun panalungtikan anu judulna “Ajén Moralitas jeung Etnopédagogik dina Panyaraman Masarakat Sunda di Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara, Kabupatén Kuningan”.

1.2. Rumusan Masalah

Dina ieupanalungtikandi watesankungadadarkeun panyaramananungandung unsurpun gsi étnopédagogik kana kahirupan masarakat Sunda. Hususna ajén étnopédagogikanungawengku ajén moral dina panyaraman, ajén sosial dina panyaraman, jeung ajén agama dina istilah panyaraman. Kusabab masarakat Sundanyicingan di tempat anulega, panalungtikan ahir manyokot tur milih data panyaramananungawakilan masarakat Suku Sunda, nyaeta di Wilayah Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan Jawa Barat. Sangkan heunteu legateuing masalahna, dirumuskeun deui dina patalékanieudi handap:

- 1) Panyaraman naon waé nu kapanggih dina kahirupan masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan?
- 2) Kumaha eusi panyaraman nu kapanggih dina kahirupan masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan?
- 3) Naon pungsina panyaraman nu kapanggih dina kahirupan masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan?
- 4) Ajén moralitas naon waé anu nyangkaruk dina panyaraman masarakat di Désa Bunigeulis Kabupatén Kuningan?
- 5) Kumaha ajén étnopédagogik, utamana atikan karakter nu kapanggih di Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina panalungtikan anu judulna “*Ajén Moralitas jeung Etnopedagogik dina Istilah-Istilah Panyaraman Masarakat Sunda*”, ayasawataratujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan umum

Dina ieupanalungtikannya éta pikeun maluruh ajén moralitas jeung ajén atikan karakter bangsa (étnopédagogik) anu ayadina istilah panyaraman masarakat Sunda di Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara, Kabupatén Kuningan. Liantiéta, numuwuhkeun jeung ngariksawarisan tradisi silian kolot baheula, tur méré pamahaman jeung ngadadarkeun pungsipanyaraman dina kahirupan salakumedia atikan karakter di kahirupan masarakat Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieupanalungtikan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun lima hal, nya éta:

- 1) Panyaraman nu sumebar di kahirupan masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan;
- 2) Eusi panyaraman nu kapanggih dina kahirupan masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara Kabupatén Kuningan;
- 3) Pungsi panyaraman nu kapanggih di Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara, Kabupatén Kuningan;
- 3) Ajén moralitas dina panyaraman di masarakat Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara, Kabupatén Kuningan; jeung
- 4) Unsur étnopedagogik (atikan karakter) nu ayadin panyaraman Désa Bunigeulis Kecamatan Hantara, Kabupatén Kuningan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina

ieupanalungtikanmibogaduamangpaatnyaétamangpaattioritisjeungmangpaatpraktis:

1.4.1 MangpaatTioritis

Sacaratoritis,ieupanalungtikanmibogabogamangpaatpikeunméréin pormasingeunaanfungsi ajénmoralitas étnopedagogikdinaruparupaistilahpanyaraman , sartakumahasikepurangSunda modern dinanyangharepanana.

1.4.2 MangpaatPraktis

Mangpaatpraktisdinapanalungtikanieu :

- 1) Pikeunmasarakatumum,bisaleuwihngajénanturnyikepanadatjeungk abiasaanmasarakatSundajamanbaheula.
- 2) Pikeunakademisi, bisaleuwihmikawanohrupa-rupapanyaraman nu ayadinakahirupanmasarakatSunda.
- 3) Pikeun praktisikabudayaan, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi referensi kabudayaan Sunda dina aspék tradisi lisan.
- 4) PikeunGuru, nambahan acuan bahanpangajaranjeungpangdeudeululikanngunaanajén moral jeungkarakterbangsa
- 5) Pikeun panalungtik, panalungtikanieudipiharep mampuh meunangkeun pangweruh ngeunaanpungsiwarisantradisilisanpanyaraman.

1.5 RaragaTulisan

Sistematikapenulisandinaieutesisngawengku lima bab, nyaéta:

- a) Bab I bubuka, **eusina** medarngunaankasangtukang, rumusanmasalah, tujuanpanalungtikan, mangpaatpanalungtikan;

- b) Bab II ulikan pustaka, nu eusina medar ngeunaan panyaraman, foklor aspék panyaraman dina kapamalian, ajén moralitas, jeung ajén etnopedagogik;
- c) Bab III Metode upanalungtikan, eusina medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, jeung tehnik ngolah data;
- d) Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina dadaran data panyaraman sarta analisis panyaraman tina jihat eusi, pungsi, ajén moralitas, jeung ajén étnopédagogik.
- e) Bab V kacindekan jeung saran, eusina pidangan ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran panalungtikan.